# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**«Спорттың шахмат түри бойынша Ташкент қаласында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионатына қатнасып қайтатуғын спортшыларға хызмет сапары қәрежетлери менен тәмийинлеў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы ПҚ-3031-санлы қарары ҳәм 2019-жыл 19-март күнги "Жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдений, санаат, спорт, информация технологиялары, китап оқыўға қызығыўын асырыў бойынша әҳмийетли 5 басламасын әмелге асырыў ҳаққында"ғы баянламасында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спорт пенен турақлы шуғыллландырыў, спортқа болған қызығыўшылықларын асырыў ҳәм Қарақалпақстан Шахмат федерациясының 2021-жыл 22-февраль күнги 10-санлы хатын басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Қарақалпақстан Шахмат федерациясының 2021-жыл 22-февраль күнги 10-санлы хаты инабатқа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

2021-жыл 24-февраль-5-март күнлери аралығында Ташкент қаласында спорттың шахмат түри бойынша 6, 8, 10 ҳәм 12 жастағы жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионатына Қарақалпақстан Республикасынан қатнасатуғын спортшылардың жол ҳақы қәрежетлери, аўқатланыўы, жолдағы аўқатланыўы ҳәм жатақ жайы ушын жумсалатуғын қәрежетлери менен нызамда белгиленген тәртипте тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Тийкары:** Қарақалпақстан Шахмат федерациясының 2021-жыл 22-февраль күнги 10-санлы хаты ҳәм Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм спорт министрлигиниң 2021-жыл 17-февраль күнги 252-санлы буйрығы.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «02» март
№ 51